# Кегейли районы аймағындағы 4Р-178 автомобиль жолына асфальт төселди

Image not found or type unknown

Кегейли районы аймағындағы республикалық әҳмийетке ийе 4Р-178 автомобиль жолында күнделикли оңлаў жумыслары алып барылмақта. Атап айтқанда усы жолдың 8,8 км.де жайласқан Кегейли каналының көпир үсти ҳәм көпирге жақынласыў бөлеги (подход к мосту) автомобиль жолында фрезалаў жумыслары (қырып алыў) алып барылып, жаңадан асфальт төселди.

Сондай-ақ, бүгинги күнде усы автомобиль жолының 9-10 км. аралығында асфальт төсеў жумыслары жедел пәтте алып барылмақта.

Айтып өтиў орынлы, Кегейли районы жоллардан пайдаланыў унитар кәрханасы тәрепинен район аймағындағы республикалық әҳмийеттеги автомобиль жолларының сақлаў, күнделикли оңлаў ҳәм басқа да эксплуатация жумыслары белгиленген режеге тийкар жүргизилмекте.